

# Kouvèti Medicare epi COVID-19

Sèvis orijinal Medicare kouvri ki gen rapò ak COVID-19 se :



## Tès COVID-19

- Apre madi 4 fevriye 2020, doktè ou a kapab voye bòdwo bay Medicare pou tès kowonavirus. Medicare kouvri premye tès kowonaviris ou fè san doktè a oubyen lòt founisè swen medikal kalifye fè rekòmandasyon pou tès la. Apre w fè premye tès la, Medicare egzije pou doktè a ba w yon rekòmandasyon pou tout lòt tès kowonaviris ou fè apre. Ou pa p dwe anyen pou analiz laboratwa a epi pou tout konsiltasyon kay doktè ki an rapò avèk tès la (okenn dediktib, ko-asirans, oubyen kopeman). Sa pou toulède Original Medicare epi Medicare Advantage Plan.

## Tretman antikò COVID-19

- Medicare kouvri antikò monoklonal pou tretman COVID-19. Ou pa p dwe anyen oumenm (dediktib, ko-asirans, oubyen kopeman)

## Avantaj telesante ofri

- Yon sèvis telesante se yon konsiltasyon konplè avèk doktè a ki fèt nan videyo. Diran ijans medikal piblik la, Medicare kouvri konsiltasyon nan lopital epi nan kabinè doktè, konsèy pou sante mantal, egzamen prevantif pou sante, epi lòt konsiltasyon nan telesante pou tout moun ki gen Medicare. Ou ka jwenn avantaj sa yo lakay ou oubyen nan etablisman ki founi swen medikal. Ou gendwa dwe nan pataj frè òdinè (tankou ko-asirans epi kopeman) pou sèvis sa yo, men kominike avèk doktè ou a pou l ba w plis enfòmasyon. Si w gen Medicare Advantage Plan, kominike avèk plan an pou w gen plis enfòmasyon sou pri epi kouvèti a.

## Vaksen pou COVID-19

- Gen yon vaksen pou COVID-19 ki otorize pou itilizasyon ijan men avèk limit, ki vle di vaksen an pa ko otorize pou l disponib pou tout moun. Pale avèk doktè ou a pou w gen plis enfòmasyon sou kalifikasyon w pou w resevwa vaksen an epi jan l disponib nan eta kote w ap viv la. Original Medicare Part B kouvri vaksen, kèlkeswa si w gen Original Medicare oubyen yon Medicare Advantage Plan. Ou pa p dwe anyen oumenm (dediktib, kopeman, oubyen ko-asirans)

## Renouvèlman preskripsyon

- Si w vle renouvle preskripsyon ou yo anvan lè pou w gen medikaman siplemantè soulamen, kominike tanpri avèk plan medikaman Part D a. Plan ou an dwe pou l retire restriksyon ki anpeche w renouvle pifò nan medikaman yo anvan lè. Diran ijans lan, se pou plan yo kouvri pou w gen ase medikaman pou yon maksimòm 90 jou depi w fè demann lan. Sepandan, plan yo pa ka founi yon medikaman pou plis pase 90 jou si li gen sèten restriksyon sou kantite ki ka founi an sekritè. Restriksyon sa yo rele modifikasyon pou sekirite, epi yo valab an jeneral pou opioyid.

Medicare Advantage Plan dwe kouvri tout sa Original Medicare kouvri, men yo ka gen diferan pri epi diferan restriksyon.

Dokiman sa a soutni, an pati, pa nimewo sibvansyon 90SATC0002 nan U.S. Administration for Community Living, Department of Health and Human Services, Washington, D.C. 20201. Nou ankouraje benefisyè ki antreprann pwojè sou parennaj gouvènman an di ak tout libète sa yo konstate epi tou sa yo konkli. Pwennvi oubyen opinyon yo pa nesèsman reprezante politik ofisyèl Administration for Community Living. [Fevriye 2021]

## Kijan pou jwenn swen diran yon ijans medikal piblik.

Diran yon ijans medikal piblik, plan Medicare Advantage epi Part D dwe pou yo fonksyone pou mentni aksè nan sèvis swen medikal epi preskripsyon medikaman.

### Medicare Advantage Plan dwe pou yo :

- Pèmèt ou resevwa sèvis swen medikal nan kabinè doktè, gwo lopital, epi lòt etablisman ki andeyò rezo a.
- Chanjman nan montan frè ou peye oumenm pou sèvis ou resevwa nan rezo a epi andeyò rezo a.
- Renonse kondisyon pou referans
- Sispann règleman ki egzije ou avèti plan an anvan w resevwa sèten kalite swen oubyen preskripsyon medikaman, si w pa kominike avèk plan an alavans frè yo gendwa ogmante epi gendwa gen limit pou w jwenn swen an.

### Part D plan yo dwe :

- Kouvri fòmilè medikaman Part D nan famasi andeyò rezo a.
  - Plan Part D dwe fè sa lè w pa ka jwenn kouvèti medikaman Part D nan famasi ki nan rezo a.
- Kouvri kantite maksimòm nan renouvelman w lan lè w fè demann pou sa.

**Kominike avèk State Health Insurance Assistance Program (SHIP)** si w bezwen yo ede w konprann kisa Medicare kouvri epi kijan pou w jwenn swen yo.

### Enfòmasyon pou kominike avèk SHIP lokal la

**Nimewo gratis SHIP :**

**Adrès imèl SHIP :**

**Sit entènèt SHIP :**

**Pou jwenn yon SHIP nan yon lòt eta :**  
Sonnen 877-839-2675 oubyen gade nan [www.shiptacenter.org](http://www.shiptacenter.org)